

Enstriksyon: Ou dwe itilize fòm sa a pou timoun ki gen mwens pase 18 tan epi ki te enskri nan yon Health Home avèk *Konsantman pou Health Home/Enskripsyon/Pou Itilize avèk Timoun ki Poko gen 18 tan* (DOH 5200)*. Fòm sa a prezante kalite enfòmasyon nou kapab divilge ak ba kimoun nou kapab divilge enfòmasyon yo. Se paran, responsab legal, oswa reprezantan ki gen otorizasyon legal ki ta dwe ranpli fòm sa a. Reprezantan ki gen otorizasyon legal pou nou kapab divilge enfòmasyon sou sante defini kòm "yon moun oswa ajans ki otorize dapre lwa leta, lwa tribi, lwa konsènan fòs lame oswa lòt lwa ki anvigè, lòd tribinal oswa konsantman pou aji sou non yon moun divilge enfòmasyon medikal". Se timoun ki gen manadjè swen sante ki dwe ranpli fòm sa a apa.

***[Tanpri sonje, timoun ki se paran, ki ansent, epi/oswa ki marye, epi ki kapab bay konsantman yo, pa ta dwe itilize fòm sa a. Olye sa, yo dwe itilize fòm *Konsantman pou Divilgasyon Enfòmasyon sou Pasyan ba Health Home - Retre Konsantman* (DOH 5055)].**

EKRI NON HEALTH HOME AN LÈT DETACHE

EKRI NON TIMOUN NAN AN LÈT DETACHE

DAT TIMOUN NAN FÈT

Seksyon 1:

Enstwiksyon pou Paran/Responsab Legal/Reprezantan ki Gen Otorizasyon Legal: Bay lis tout pwofesyonèl sante timoun nan ki kapab divilge enfòmasyon sou sante timoun nan. Enfòmasyon sou sante y ap divilge a ka se anvan ak apre dat ou siyen fòm sa a. Pwofesyonèl swen sante sa yo kapab divilge enfòmasyon sa yo youn avèk lòt epi ba ajans jesyon swen sante timoun nan jan sa endike anba la a. Yo pa kapab bay enfòmasyon timoun nan ba lòt moun sof si ou dakò oswa si lalwa di yo kapab fè sa. Timoun kapab kenbe an prive nenpòt enfòmasyon sou sèvis timoun nan te bay konsantman li pou yo, tankou planin famiyal ak kontrasepsyon annijans, avòtman, tès ak tretman pou enfeksyon moun pran nan fè bagay, tès VIH, swen anvan akouchman, sèvis akouchman, tretman pou abi alkòl ak dwòg, oswa sèvis akòz kadejak. Founisè sèvis sa yo ap endike nan Seksyon 2. Si ou te bay konsantman ou pou sèvis sa yo pou timoun nan, lè sa a ou ka gen otorizasyon pou bay konsantman pou divilge enfòmasyon konsènan sèvis sa yo epitou yo ou kapab mete non founisè sèvis sa yo nan Seksyon sa a. Nòt: timoun nan ka gen pou bay konsantman li pou divilge enfòmasyon sa yo tou.

Enstwiksyon pou Manadjè Swen Sante: Se paran timoun nan, responsab legal li, oswa reprezantan ki gen otorizasyon legal pou li ki dwe ranpli seksyon sa a. Li endike tout pwofesyonèl swen sante ki kapab divilge enfòmasyon sou sante timoun nan. Endike ajans jesyon swen sante timoun nan kòm yon founisè sèvis la anba la a. Founisè sèvis sa yo kapab divilge tout enfòmasyon sou sante **sof** pou nenpòt enfòmasyon sou sèvis timoun nan te bay konsantman li pou yo, tankou planin famiyal ak kontrasepsyon annijans, avòtman, tès ak tretman pou enfeksyon moun pran nan fè bagay, tès VIH, swen anvan akouchman, sèvis akouchman, tretman pou abi alkòl ak dwòg, oswa sèvis akòz kadejak. Si paran timoun nan, responsab legal li oswa reprezantan ki gen otorizasyon legal pou li te bay konsantman pou avòtman, tès ak tretman pou enfeksyon moun pran nan fè bagay, oswa tretman pou abi alkòl ak dwòg sou non timoun nan, yo kapab divilge enfòmasyon yo sèlman si timoun nan bay konsantman li tou nan Seksyon 2. Fè kopi paj sa a jan li nesese pou kapab endike tout sa ou dakò avèk founisè sèvis yo. Si ou bezwen fè mizajou nan lis sa a pidevan (swa pou mete oswa retire yon non), tanpri mande paran/responsab legal/reprezantan ki gen otorizasyon legal mete inisyal li ak dat toupre chak nouvo non ou mete oswa chak non ou retire.

Enstwiksyon pou Founisè Sèvis Patnè yo: Si non ou oswa ajans ou endike nan Seksyon 1, ou ka divilge enfòmasyon sou sante timoun nan **sof** pou nenpòt enfòmasyon sou sèvis timoun nan te bay konsantman li pou yo, tankou planin famiyal ak kontrasepsyon annijans, avòtman, tès ak tretman pou enfeksyon moun pran nan fè bagay, tès VIH, swen anvan akouchman, sèvis pou akouchman, tretman pou abi alkòl ak dwòg, oswa sèvis akòz kadejak. Ou ka divilge enfòmasyon sa yo sèlman si ou jwenn pèmisyon pou fè sa nan Seksyon 2 fòm sa a. Si paran timoun nan, responsab legal li oswa reprezantan ki gen otorizasyon legal pou li te bay konsantman pou avòtman, tès ak tretman pou enfeksyon moun pran nan fè bagay, oswa tretman pou abi alkòl ak dwòg sou non timoun nan, ou kapab divilge enfòmasyon yo sèlman si timoun nan bay konsantman li tou nan Seksyon 2.

INISYAL PARAN/RESPONSAB LEGAL/REPREZANTAN KI GEN OTORIZASYON LEGAL
(SÈLMAN LÈ GEN CHANJMAN KI FÈT NAN LIS FOUNISÈ SÈVIS YO KI ANBA LA A)

DAT LA

AJANS JESYON SWEN SANTE		
NON FOUNISÈ SÈVIS LA		
NON FOUNISÈ SÈVIS LA		
NON FOUNISÈ SÈVIS LA		
NON FOUNISÈ SÈVIS LA		
NON FOUNISÈ SÈVIS LA		
NON FOUNISÈ SÈVIS LA		
NON FOUNISÈ SÈVIS LA		
NON FOUNISÈ SÈVIS LA		
NON FOUNISÈ SÈVIS LA		

Depi mwen siyen fòm sa a, mwen dakò pou:

1. Timoun ki gen non li endike anwo a enskri nan Health Home ki endike anwo a.
2. Mwen siyen yon fòm konsantman pou enskripsyon avèk Health Home ki endike anwo a pou timoun ki endike anwo a.
3. Mwen te jwenn chans pou revize fèy Kesyon Moun Poze Souvan sou Health Home epi mwen te jwenn repons pou kesyon mwen yo.
4. Health Home ak nenpòt moun mwen endike nan Seksyon an fòm sa a kapab divilge enfòmasyon sou sante, jan sa endike nan enstwiksyon ki anwo a, youn ba lòt. Yo
ka divilge enfòmasyon ki la anvan ak apre dat mwen siyen fòm sa a, epi
5. Health Home al Plan Swen Sante Kontwole timoun nan, si genyen, kapab divilge enfòmasyon yo ba moun ki endike kòm founisè sèvis anwo a youn ak lòt.

NON TIMOUN NAN

Mwen kapab chanje fòm sa a nenpòt lè. Si mwen fè chanjman, mwen dwe mete inisyal mwen ak dat toupre chanjman mwen fè yo. Si mwen pase kwa nan enfòmasyon yo, mwen retire pèmisyon mwen pou yo divilge enfòmasyon sou sante mwen te bay pèmisyon pou sa anvan.

Mwen rekonèt fòm konsantman sa a ranplase lòt fòm enskripsyon nan pou Health Home divilge enfòmasyon mwen te ka siyen anvan sou non timoun nan. Konsantman sa a ap rete anplas jouk lè:

- Mwen retire li, oswa
- Timoun nan pa kalifye pou youn Health Home ankò.

Mwen kapab retire konsantman sa a sou non timoun nan depi mwen siyen yon fòm *Konsantman pou Health Home/Anilasyon Enskripsyon nan Health Home ak Divilgasyon Enfòmasyon/Pou Itilize avèk Timoun ki Poko Gen 18 Tan* (DOH 5202).

Si mwen pa siyen fòm konsantman sa a, mwen rekonèt yo p ap divilge enfòmasyon timoun nan.

EKRI NON PARAN, RESPONSAB LEGAL OSWA REPREZANTAN KI GEN OTORIZASYON
LEGAL TIMOUN NAN AN LÈT DETACHE

RELASYON PARAN, RESPONSAB LEGAL, OSWA REPREZANTAN KI GEN OTORIZASYON
LEGAL AVÈK TIMOUN NAN

SIYATI PARAN, RESPONSAB LEGAL OSWA REPREZANTAN KI GEN OTORIZASYON
LEGAL TIMOUN NAN

DAT LA

YO DWE RANPLI SEKSYON SA A AVÈK TIMOUN NAN SÈLMAN

Seksyon 2:

Enstwiksyon pou Manadjè Swen Sante: Se timoun nan ki ta dwe ranpli Seksyon 2 fòm sa a. Yo ta dwe ranpli fòm sa a an prive, san paran timoun nan, san responsab legal li, oswa san reprezantan ki gen otorizasyon legal pou li, pou fasilite konfidansyalite enfòmasyon yo. Yo ta dwe ranpli Seksyon 2 fòm sa a apre tout moun konsène yo ranpli ak siyen Seksyon 1.

Mwen, _____ NON TIMOUN NAN rekonèt mwen kapab bay konsantman mwen pou sèten kalite sèvis swen sante san paran mwen,

responsab legal mwen oswa reprezantan ki gen otorizasyon legal pou mwen pa konnen. Mwen kapab deside tou kimoun ki pou jwenn pèmisyon pou divilge enfòmasyon yo sou sèvis sa yo. Pou sèvis ki endike anba la yo (mwen te ka jwenn anvan), mwen mete inisyal mwen pou bay pèmisyon ba Founisè Sèvis ki endike anba la a pou yo divilge enfòmasyon konsènan swen sante a.

Kalite Sèvis ak Non (yo) Founisè Sèvis ak/oswa Ajans	Pa gen pwoblèm pou divilge enfòmasyon sou sèvis sa yo ba paran mwen, responsab legal mwen, reprezantan ki gen otorizasyon legal pou mwen ki endike anba la a.		
	Wi	Non	Non paran, responsab legal oswa reprezantan ki gen otorizasyon legal
Founisè Sèvis Planin Familyal (yo):			
Founisè Sèvis Kontrasepsyon Annijans (yo):			
Founisè Sèvis Avòtman (yo):			
Founisè Sèvis Tès ak Tretman pou Enfeksyon Moun Pran nan Fè Bagay (yo):			
Founisè Sèvis Tès VIH (yo):			
Pwofesyonèl Swen Sante Anvan Akouchman, Akouchman (yo):			
Pwofesyonèl Tretman pou Dwòg ak Alkòl (yo):			
Founisè Sèvis pou Kadejak (yo):			

Si ou resevwa sèvis sante mantal epi ou gen plis pase douzan, pwofesyonèl swen sante ou ka mande ou si ou li divilge enfòmasyon yo. Si ou pa dakò, pwofesyonèl swen sante ou ka: refize demann lan nèt, li ka voye yon pati nan dosye a sèlman oswa li ka voye yon rezime dosye klinik ou.

Kalite Sèvis ak Non (yo) Founisè Sèvis ak/oswa Ajans	Pa gen pwoblèm pou divilge enfòmasyon sou sèvis sa yo ba paran mwen, responsab legal mwen, reprezantan ki gen otorizasyon legal pou mwen ki endike anba la a.		
	Wi	Non	Non paran, responsab legal oswa reprezantan ki gen otorizasyon legal
Sèvis Sante Mantal:			

Kalite Sèvis ak Non (yo) Founisè Sèvis ak/oswa Ajans	Pa gen pwoblèm pou divilge enfòmasyon sou sèvis sa yo ba pwofesyonèl swen sante ki endike anba la yo.		
	Wi	Non	Non pwofesyonèl swen sante a
Founisè Sèvis Planin Familyal (yo):			
Founisè Sèvis Kontrasepsyon Annijans (yo):			
Founisè Sèvis Avòtman (yo):			
Founisè Sèvis Tès ak Tretman pou Enfeksyon Moun Pran nan Fè Bagay (yo):			
Founisè Sèvis Tès VIH (yo):			
Pwofesyonèl Swen Sante Anvan Akouchman, Akouchman (yo):			
Pwofesyonèl Tretman pou Dwòg ak Alkòl (yo):			
Founisè Sèvis pou Kadejak (yo):			

Si ou resevwa sèvis sante mantal epi ou gen plis pase douzan, pwofesyonèl swen sante ou ka mande ou si ou li divilge enfòmasyon yo. Si ou pa dakò, pwofesyonèl swen sante ou ka: refize demann lan nèt, li ka voye yon pati nan dosye a sèlman oswa li ka voye yon rezime dosye klinik ou.

Kalite Sèvis ak Non (yo) Founisè Sèvis ak/oswa Ajans	Pa gen pwoblèm pou divilge enfòmasyon sou sèvis sa yo ba pwofesyonèl swen sante ki endike anba la yo.		
	Wi	Non	Non pwofesyonèl swen sante a
Sèvis Sante Mantal:			

Depi mwen siyen fòmilè sa a, mwen dakò pou:

1. Mwen te jwenn chans pou revize fèy Kesyon Moun Poze Souvan sou Health Home epi mwen te jwenn repons pou kesyon mwen yo, epi
2. Health Home ak nenpòt moun mwen endike nan Seksyon 2 fòm sa a kapab divilge enfòmasyon sou sante mwen jan sa endike anwo a. Yo ka divilge enfòmasyon ki la anvan ak apre dat mwen siyen fòm sa a.

Mwen kapab chanje fòm sa a nenpòt lè. Si mwen fè chanjman, mwen dwe mete inisyal mwen ak dat toupre chanjman yo. Si mwen pase kwa nan enfòmasyon yo, mwen retire pèmasyon mwen pou yo divilge enfòmasyon sou sante mwen te bay pèmasyon pou sa anvan.

Mwen rekonèt fòm konsantman sa a ap ranplase lòt fòm konsantman mwen te ka siyen anvan pou Health Home divilge enfòmasyon yo. Konsantman sa a ap rete anplas jouk lè:

- Mwen retire li,
- Mwen pa kalifye ankò pou yon Health Home, oswa
- Paran mwen, responsab legal mwen oswa reprezantan ki gen otorizasyon legal pou mwen siyen fòm *Konsantman pou Health Home/Anilasyon Enskripsyon nan Health Home ak Divilgasyon Enfòmasyon/Pou Itilize avèk Timoun ki Poko gen 18 tan* (DOH 5202).

EKRI NON TIMOUN NAN AN LÈT DETACHE	DAT TIMOUN NAN FÈT
SIYATI TIMOUN NAN	DAT LA
☐ Depi mwen fè yon ti kwa nan kaz sa a, mwen retire konsantman mwen pou yo divilge enfòmasyon sou sante mwen ki endike nan Seksyon 2.	
EKRI NON TIMOUN NAN AN LÈT DETACHE	DAT TIMOUN NAN FÈT
SIYATI TIMOUN NAN	DAT LA